



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 10 septanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ASISTE PREMYE REYINYON NY RISING COMMUNITY RECONSTRUCTION YO POU KONTE BROOME AK TIOGA**

***Lokalite ki Kalifye pou Asistans Finansye pral Kreye Plan Retablisman ak Rekonstriksyon Alontèm ki Konsevwa nan Zòn lan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te vizite jodi a Vil Binghamton pou asiste premye reyinyon de nan Komite Planifikasyon Rekonstriksyon New York Rising rejyon an, kote espè nan planifikasyon, otorite kominote yo, ak rezidan te chita ansanm pou lanse pwosesis rekonstriksyon alontèm lan apre pasaj gwo siklòn pandan de lane ki sot pase yo.

New York Rising Community Reconstruction Program lan – Gouvènè a te lanse nan kòmansman ane a eki te jwenn finansman federal - konsevwa pou l ranfòse kominote ki te soufri gwo domaj nan siklòn lotre jou yo pou yo ka kreye ak enpleman strateji ki vize kominote lokal la ak pou yo ka rekonstwi epi pi byen prepare pou move tan ki gen pou vini ankò yo.

“Pwogram New York Rising Community Reconstruction an itilize yon apwòch anba-anwo pou ranfòse kominote atravè eta a ki te soufri domaj nan gwo siklòn ane ki fenk pase yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Apwòch sa fè kontribisyon entèvenan lokal yo koresponn ak sipò onivo eta a pou garanti redevlopman kominote nou yo fèt nan yon manyè ki pral alafwa dire pandan plizyè jenerasyon epi entegre bezwen ak resous kominote yo. Grasa modèl depi anba sa nap rekonstwi pi solid ak pi byen pase anvan.”

Komite Planifikasyon Rekonstriksyon New York Rising Community yo sitiye nan 102 kominote atravè eta a epi gen ladann lidè kominote yo, espè, ak otorite ki rantre bezwen spesyal kominote yo nan strateji redevlopman yo. Kominote yo gen uit mwa pou yo prepare epi prezante plan yo. Kantite lajan sibvansyon yo ap baze sou nivo domaj FEMA evalye ak sou aplikasyon pou nouvo enfrastrikti ak lòt diminisyon, epitou y ap bay yo lè plan kominote a fini ak lè yo soumèt li ba Eta a pou apwobasyon. Kominote yo ap kalifye pou separe plis pase \$500 milyon dola finansman yo mete disponib nan afektasyon sipleman fèderal Gouvènè Cuomo te travay avèk Kongrè a pou jwenn byen bonè ane sa a.

Eta a pral bay tou pou pi piti \$250 milyon dola kap soti nan Pwogram Sibvansyon Eta a pou Diminisyon

Haitian Creole

Danje FEMA finanse (HMGP) pou kominote New York Rising yo pou egzekite pwojè kalifye ki nan plan yo. Anplis, yon bonis \$3 milyon pral bay pou meyè plan nan plizyè kategori, tankou angajman kominotè, itilizasyon teknoloji nan planifikasyon, ak meyè kolaborasyon rejyonal.

**NY Rising Community pou Konte Broome kalifye pou l resevwa jiska \$15.660.947 nan finansman CDBG-DR. Men kijan distribisyon an ap fèt nan chak lokalite:**

- Vil Binghamton \$3,000,000
- Ti Vil Conklin \$3.000.000
- Ti Vil Union \$3.660.947
- Ti Vil Vestal \$3.000.000
- Vilaj Johnson City- \$3,000,000
- Vilaj Endicott – te ajoute nan pwosesis planifikasyon an atravè konsansis lokalite kap patisipe yo.

**Men non manm Komite Planifikasyon NY Rising Konte Broome lan:**

- Tim Grippen, (Ko-Prezidan) – Prezidan, Binghamton Local Development Corporation
- Vince Pasquale (Ko-Prezidan) – Vis Dwayen Lekòl Jesyon nan Binghamton University
- Gail Domin (Ko-Prezidan) – Konsiltan nan zafè Planifikasyon
- Dave Hubeny – Direktè Jesyon Ijans, Binghamton University
- Alan Hertel – Direktè Egzekitif, Broome County United Way
- Charles McElwee – Direktè, Broome County Soil and Water Conservation District
- Rev. Doktè Joe Sellepack – Direktè Egzekitif, Broome County Council of Churches
- Patrick Brennan – Ansyen Egzekitif Konte Broome/Egzekitif Adjwen Konte
- David Tannenhaus – Direktè Egzekitif, Binghamton Housing Authority
- Karry Mullins – Sipèentandan Adjwen pou Administrasyon, Binghamton City School District
- Erik Miller – Direktè Egzekitif, Southern Tier East Regional Planning Development Board
- Bob Pass – Manadjè Rejyonal, Community Outreach and Development, NYSEG
- Elaine Miller – Komisyonè, Broome County Department of Planning and Economic Development
- Paul Nelson – Direktè, Town of Union Planning Department
- Tom Delamarter – Sipèentandan Public Works, Ti Vil Conklin
- Robert Bennett – Direktè, Village of Johnson City Department of Public Works
- Tarik Abdelazim – Direktè, City of Binghamton Department of Planning, Housing and Community Development
- Gary Campo – Town of Vestal Engineers

**NY Rising Community pou Konte Tioga kalifye pou l resevwa jiska \$12.000.000 nan finansman CDBG-DR. Men kijan distribisyon an ap fèt nan chak lokalite:**

- Ti Vil Nichols \$3.000.000
- Vilaj Nichols \$3.000.000
- Ti Vil Owego \$3.000.000
- Vilaj Owego \$3.000.000
- Vilaj Endicott – te ajoute nan pwosesis planifikasyon an atravè konsansis lokalite kap patisipe yo.

**Men non manm Komite Planifikasyon NY Rising Konte Tioga a:**

- Doktè John Baust (Ko-Prezidan) – Pwofesè UNESCO nan Depatman Syans Byoloji epi Direktè Institute of Biomedical Technology nan State University of New York nan Binghamton
- Ches Spencer (Co-Prezidan) – Manm Tioga County Planning Board
- Martha Sauerbrey – Prezidan ak Direktè Jeneral, Tioga County Chamber of Commerce ak Lejislatè Konte a
- Lee Ann Tinney – Direktè Tioga County Economic Development epi rezidan Vilaj Nichols\
- Elaine Jardine – Direktè Tioga County Planning
- Bob Williams – Responsab Adjwen Ponpye, Vilaj Owego
- Ron Dougherty – Retrete, Rezidan Vilaj Owego
- Erik Miller – Direktè Egzekitif, Southern Tier East Regional Planning Development Board
- Bob Pass – Manadjè Rejyonal, Community Outreach and Development, NYSEG
- Debra Standinger – Administratè Planifikasyon ak Zonaj Ti Vil Owego
- Wendy Walsh – Manadjè Distri, Tioga County Soil and Water Conservation District
- Ed Kuhlman – Pwopriyetè, Tioga Gardens
- Drew Griffin – Rezidan, Direktè Enterimè Town of Tioga and Tioga County IT
- Barb Crannell – Rezidan ak Manm Konsèy Vil la, Ti Vil Nichols

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418